



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE NOUYÒKÈ POU YO KONSAN SOU FWÒD YO KI GEN RAPÒ AK SOULAJMAN DÈT FEDERAL ETIDYAN

Dènnye anons pou bay soulajman finansye nan prè etidyan yo deklanche yon ogmantasyon nan fwòd

Yo raple moun ki pran prè etidyan yo pou yo itilize sitwèb gouvènman ki fyab yo epi pou yo pa reponn òf soulajman prè etidyan yo pa te mande yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay konsomatè yo yon avètisman konsènan magouyè k ap eksplwate dènnye plan soulajman dèt etidyan yo pou yo vòlè lajan moun ki pran prè yo ak enfòmasyon pèsonèl yo. Magouyè yo ap kreye yon sans ijans lè yo imite ajans gouvènman yo epi yo pwomèt soulajman imedya prè etidyan yo. Yo raple moun ki pran prè yo ke li enpòtan pou yo rete vijilan, byen enfòm ak prepare pou nenpòt fwòd ki gen rapò ak nouvo plan soulajman sa a. Yè, [Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon](#) pou elaji ak senplifye aksè ak pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik (Public Service Loan Forgiveness, PSLF) federal la nan tout eta a. Nouvo lejislasyon sa a etabli inifòmite sa ki kalifye kòm travay apentant nan objektif pou jwenn aksè nan PSLF epi pèmèt anplwayè sèvis piblik yo jwenn travay sètifye nan non travayè yo, sa k ap elimine gwo baryè ki genyen pou aplike ak jwenn aksè nan PSLF.

"Nouyòkè yo travay di pou chak dola yo touche epi plan pou egzonerasyon prè etidyan yo pral enpòtan pou ede diminye presyon dèt k ap monte yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Malerezman, moun ki malonèt ak magouyè yo ap itilize sa a kòm yon opòtinite pou eksplwate lòt moun. Jodi a, n ap alète magouyè yo: nou p ap kite nou pwofite de Nouyòkè k ap travay di yo. Mwen ankouraje tout moun pou yo rete vijilan epi rete enfòm pou yo sispann move aktè sa yo nan chemen yo".

Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Plan Federal Soulajman Etidyan an:

Nan dat 24 out 2022, Administrasyon Biden lan [te anonse](#) yon plan an twa pati pou ede moun ki pran prè federal pou etidyan k ap travay ak nan klas mwayèn. Plan an gen ladan:

1. Yon dènnye pwolongasyon poz pou ranbousman prè elèv la jiska 31 desanm 2022, ak egzonerasyon prè jiska 20,000 dola pou moun ki kalifye yo.

2. Amelyore pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik la epi kreye yon nouvo plan ranbousman ki baze sou revni pou diminye peman mansyèl alavni yo pou moun ki pran prè ki gen revni pi ba ak mwayen.
3. Diminye pri fakilte pou pwoteje pwochen elèv yo.

Depatman Edikasyon Etazini an ap travay byen vit pou aplike amelyorasyon nan prè etidyan yo, men gen anpil detay ki gen pou vini. Depatman Edikasyon an rekòmande koneksyon nan kont StudentAid.gov ou a pou asire enfòmasyon kontak ou ajou epi pou [enskri pou resevwa alèt pou](#) lè nouvo enfòmasyon yo vin disponib.

Kijan pou Evite Fwòd nan Egzonerasyon Prè Etidyan yo:

1. **Chèche enfòmasyon ak sous ou fè konfyans.** Sèlman sou sitwèb ".gov" yo lè w ap chèche asistans. Depatman Edikasyon Etazini an te fèk lanse yon [pajwèb](#) pou bay moun ki pran prè yo yon kote ki gen yon sèl kote pou jwenn enfòmasyon egzak ak ajou sou pwogram nan. Lè w ap antre sou sit la, Nouyòkè yo non sèlman pral jwenn enfòmasyon jeneral men tou yon seksyon detaye Kesyon Moun Poze Souvan yo (Frequently Asked Questions) ki bay done sou plan soulajman dèt etidyan an.
2. **Pa fè konfyans ak okenn moun oswa pwogram ki pwomèt ou aksè bonè oswa espesyal, oswa elijibilite garanti.** Yon konpayi ka kontakte ou pou di ke yo pral ede w jwenn dechaj, egzonerasyon, anilasyon prè oswa soulajman dèt pou yon frè. Yo ka ofri tou pou ede w aplike bonè. Aplikasyon pou egzonerasyon prè a pral lanse nan kòmansman mwa oktòb epi aksè bonè pa posib, epi ou pa [janm](#) gen pou peye pou èd avèk èd federal etidyan ou an. Si ou resevwa nenpòt nan òf sa yo, se yon fwòd.
3. **Pa bay enfòmasyon pèsònèl ou yo, ID Èd Etidyan Federal oswa Nimewo Sekirite Sosyal ou bay nenpòt moun ki kontakte ou.** Okenn mou nan Depatman Edikasyon p ap rele w oswa voye tèks ba ou sou inisyativ sa a. Asire w ke ou travay sèlman avèk Depatman Edikasyon Etazini, epi pa janm revele enfòmasyon pèsònèl ou oswa modpas kont ou a bay pèsòn. Imèl otantik yo bay moun ki pran prè yo ap soti sèlman nan noreply@studentaid.gov.
4. **Si ou fè fas ak yon fwòd, rapòte sa.** Kontakte sit entènèt ofisyèl Èd Federal Etidyan an pou depoze yon plent, oswa kontakte Komisyon Komès Federal la. Depatman Edikasyon Etazini an ofri lòt konsèy ak resous [isit la](#).

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pandan anpil Nouyòkè ap lite pou ranbouse prè etidyan yo, magouyè yo ap atake moun ki pran prè sa yo ki bezwen soulajman prè etidyan yo dezespereman. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la ap raple moun ki pran prè yo pou yo itilize sitwèb gouvènman yo fè konfyans yo sèlman epi pou yo pa reponn òf ki pa mande yo pou yo jwenn egzonerasyon, piske fwòd pou egzonerasyon prè elèv yo te parèt apre dènye anons gouvènman federal pou egzonerasyon an".

Senatè Eta a, Kevin Thomas, te deklare, "Se yon wont ke eksitasyon ak demann pou soulajman dèt federal etidyan sa a ke yo t ap tann depi lontan te kreye yon nouvo fenèt opòtinite pou magouyè yo eksplwate moun k ap chèche asistans yo. M ap ankouraje Nouyòkè k ap chèche asistans pou yo rete vijilan epi sèvi ak sitwèb ".gov" ki fyab yo sèlman pou jwenn enfòmasyon sou soulajman dèt etidyan yo".

Manm Asanble Harvey Epstein te deklare, "Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo veye fwòd ki gen rapò ak egzonerasyon prè etidyan yo. Pandan n ap goumen pou rann egzonerasyon disponib pou plis Nouyòkè, malerezman n ap wè magouyè k ap eseye pwofite prè yo. Bòn nouvèl la sè ke gen fason pou pwoteje tèt ou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li fè egzonerasyon prè etidyan tounen yon priyorite ak pwoteje etidyan ki fè prè yo kont fwòd predatè yo".

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè yo nan Eta New York ap sèvi kòm medyatè volontè ant yon konsomatè ak yon biznis lè yon konsomatè pa te reyisi jwenn yon rezolisyon poukont yo. Liy Èd Asistans Konsomatè a 1-800-697-1220 disponib soti lendi rive vandredi depi 8:30am rive 4:30pm, sa pa enkli peryòd Vakans Eta a yo, epi nou kapab depoze plent konsomatè yo nenpòt lè nan <https://dos.ny.gov/consumer-protection>.

Pou plis konsèy sou pwoteksyon konsomatè, swiv Divizyon an sou rezo sosyal nan Twitter [@NYSConsumer](https://twitter.com/NYSConsumer) ak Facebook: www.facebook.com/nysconsumer.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)